«Жеткиншек», а также появилась городская газета «Нөкис хақыйқаты», многотиражные газеты «Арал үни -Голос Арала», «Халық ушын», «Тәбият хабаршысы», «Арман», «Профсоюз турмысы». С 1990 года резко возросло издание литературы на каракалпакском языке для вузов, средних специальных учебных заведений и школ. Отмечалось, что «издательству «Каракалпакстан» принять меры по удовлетворению спроса широких слоев населения на детскую, учебную, справочную литературу, руководствуясь Законом ККАССР «О государственном языке» [8].

**Заключение**. В целом, как показывает краткий экскурс в историографию вопроса, данная тема до сих пор не получила должного освещения. В историографии Каракалпакстана до сих пор нет комплексной, всеобъемлющей истории распространения и развития книгопечатания в Каракалпакстане и связанных с ним вопросов (становления и развитие полиграфической промышленности, организации сети книжной торговли, развития книжной культуры и современное состояние данной сферы и т.п.). Актуализация вопроса развития культуры чтения и активного привлечения молодежи к данному процессу обуславливает создание теоретической основы вопроса – истории возникновения и развития книгоиздательства и полиграфической отрасли, этапов её развития. В результате осуществления данной работы обуславливает формирование культуры чтения и всеобщей книжной культуры, приведет к созданию литературы, направленные на укрепление национальной независимости, формированию высоких этических и эстетических чувств, чувства патриотизма и преданности Родине.

**Литература**

1. Распоряжение Президента Республики Узбекистан «О создании комиссии по развитию системы издания и распространения книжной продукции, повышению и пропаганде культуры чтения» от 12 января 2017 года.

2. Ниетуллаев С. Перестройка и изменение статуса Каракалпакской АССР. // Вестник ККФ АН УзССР, 1991, №1. – С.79.

3. ЦГА РК, ф.1, оп.48, д.418, л.21.

4. Билим нуры – «Билим» баспасына 25 жыл. – Нөкис: «Билим», 2015.

5. ЦГА РК, ф.423, оп.1, д.4, л.17.

6. ЦГА РК, ф.423, оп.1, д.43, л.19.

7. ЦГА РК, ф.423, ор.1, д.4, л.20.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада 1980-1990 йиларда китоб маҳсулотларини сотишдаги бир қатор муаммолар очиб берилган, китобхоналарнинг эҳтиёжларини қондириш ва китоб ўқишга булган қизиқишини оширишга қаратилган чора-тадбирлар кўрсатилган. Мазкур ишларни амалга ошириш натижасида китобхонлик маданияти ва умуминсоний китобхонлик маданияти шаклланишини тақозо этади, миллий мустақилликни мустаҳкамлаш, юксак ахлоқий ва эстетик туйғулар, ватанпарварлик ва Ватанга садоқат туйғуларини шакллантиришга қаратилган адабиётлар яратилишига олиб келади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье раскрывается ряд проблем в продаже книжной продукции в 1980-х и 1990-х годах, показаны меры, направленные на удовлетворение потребностей читателей и повышение их интереса к чтению.Реализация этих работ требует формирования культуры чтения и общечеловеческой культуры чтения, приводит к созданию литературы, направленной на укрепление национальной независимости, формирование высоких нравственных и эстетических чувств, чувства патриотизма и преданности Родине.

**SUMMARY.** The article reveals a number of problems in the sale of book products in the 1980s and 1990s, shows measures aimed at satisfying the needs of readers and increasing their interest in reading.The implementation of these works requires the formation of reading culture and universal reading culture, leads to the creation of literature aimed at strengthening national independence, forming high moral and aesthetic feelings, a sense of patriotism and devotion to the Motherland.

## QARAQALPAQ XALQÍNÍŃ ShAŃARAQLÍQ QATNASÍQLARÍ HÁM OLARDÍŃ HUQÍQ PENEN ÚYLESIMLIGI

**E.Tilewov** – *pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı, docent*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** xalq, oilaviy munosabatlar, tarix, milliy urf-odat, milliy xarakter, huquq.

**Ключевые слова:** народ, семейные отношения, история, национальные обычаи, национальный характер, право.

**Key words:** people, family relations, history, national customs, national character, law.

**Kirisiw.** Shańaraq uzaq dawam etken tariyxıy progress nátiyjesi, jámiyet dúzilisiniń obyektiv zárúr ajıralmas bólegi esaplanadı. Sociallıq mániste shańaraq adamlardı sociallıq jaqtan óz aldına birlesken toparlar, ruwxıy xojalıq turmıslıq hám basqa da turmıslıq shártleri hám de mápleri birdey bolǵan shaxslar jámááti esaplanadı.

Shańaraq – neke yaki tuwısqanlıqqa tiykarlanǵan kishi topar. Onıń aǵzaları turmısınıń birligi, óz ara járdemi hám ruwxıy juwapkershiligi menen bir-birine baylanısqan. Shańaraqtıń eń áhmiyetli sociallıq wazıypaları – insan násilin dawam ettiriwden, balalardı tárbiyalawdan, shańaraq ag'zalarınıń turmıs sharayatın hám bos waqtın nátiyjeli shólkemlestiriwden ibarat. Shańaraqlıq qatnasıqlar salıstırmalı biygárez qubılıs esaplansa da, jámiyettegi bar sociallıq, ekonomikalıq, ideologiyalıq qatnasıqlar menen belgilenedi hám olar tásirinde ózgerip baradı. Usıǵan muwapıq, hár bir jámiyet ózgerip sáykes shańaraq tipin, shańaraqlıq qatnasıqlardı ornatadı.

Konstituciyanıń «Shańaraq, balalar hám jaslar» dep atalǵan XIV bap 76-statyasında kórsetilgenindey: «Shańaraq jámiyettiń tiykarǵı buwını bolıp esaplanadı hám ol jámiyet hám mámleket qorǵawında boladı» [1:43]. Bul

norma mánis-mazmunınan shańaraq institutı filosofiyalıq-huqıqıy, sociallıq-biologiyalıq hám ruwxıy-ádep-ikramlılıq kategoriya ekenligi túsiniledi. Bul degeni, xalqımızdıń shańaraqqa tiyisli milliy dástúr hám qádiriyatları jáne shańaraqtıń tolıq rawajlanıwı ushın mámleket sociallıq, ekonomikalıq, huqıqıy hám basqa da zárúr sharayatlardı jaratıp beredi. Shańaraq penen baylanıslı qaǵıydalarǵa salıstırmalı-analitikalıq kózqaras sonnan derek beredi. Ózbekstan Respublikası Konstituciyası, Puqaralıq hám Shańaraq kodeksleri, sonday-aq, basqa da tiyisli normativ hújjetlerimizdiń xalıqshıllıǵına, olardıń milliy qádiriyatlarımız hám dástúrlerimiz benen úylesimligine isenim payda etemiz.

**Izertlew metodologiyası.** Maqalada tariyxıy hám analitikalıq izertlew metodlarına tiykarlanǵan. Maqalada qaraqalpaq xalqında shańaraq qatnası menen baylanıslı bolǵan túrli derekler, ilimiy maqalalar, kitaplar hám huqıqıy hújjetler analizlendi.

**Ádebiyatlar analizi.** Jámiyettiń áhmiyetli buwını bolǵan shańaraqlar qanshelli tınısh hám tatıw bolsa, sonshelli mámleket tınısh hám turaqlı rawajlanıwı múmkin. Usı jaǵınan, shańaraq qorǵanınıń bekkemligi hám onda ruwxıy táreplerdiń qáliplesiwi hám ámelge asırılıwı úlken áhmiyetke iye. Shańaraq dep atalǵan muqaddes mákanda perzentler kamalǵa keledi.

Tariyxtan belgili, mámleket penen shańaraq, olardıń payda bolıwı hám basqarıw mexanizmi sociallıq-huqıqıy túske iye. Shańaraqtıń júzege keliwiniǹ tiykarı sıpatında, neke – nekeleniwshi táreplerge er hám hayal statusın beriw arqalı olarǵa huqıq hám minnetlemeler, juwapkershilik júklewdi yuridikalıq jaqtan rásmiylestiriw procesi esaplanadı. Ózbekstan Respublikası Shańaraq kodeksiniń 3-babında neke, neke dúziw tártibi, onıń ıqtıyarlılıǵı, neke jası sıyaqlı huqıqıy tárepleri tolıq kórsetip berilgen [2:8-10].

Eki jastıń óz ara kelisimi menen shańaraq qurıwı – turmısqa qoyılǵan jańa qádemi. Úyleniw quwanıshlı hám az da bolsa qayǵılı. Sebebi burıngı ata-ananıń qanatınıń astındaǵı qızıqlı hám uwayımsız kúnler artta qaladı. Keshegi jigit-qız, búgingi kelinshek-kúyewleri ózleri dúzgen shańaraqtıń tatıwlıǵı, dáwleti, baxtı ushın juwapker [3:236]. Toydıń, onıń quwanıshları uzaq yadta saqlanıp qaladı da, shańaraqtıń tirishiligi, ǵalma-ǵalshılıǵı menen baylanısadı.

Toy qaraqalpaqlarda áyyemnen kiyatırǵan dástúr. Toy arqalı qaraqalpaq xalıq dástúrleriniń shańaraqlıq qatnasıqlarınıń ózgesheligi sáwlelendiriledi. Mısalı, jańa túsken kelinge toy beriw, betin ashıw, háwjar aytıw. Bulardıń barlıǵı shańaraq baslap atırǵan, jańa turmısqa qádem qoyǵan kelin-kúyewdiń shańaraqlıq qatnasıqlarda, shańaraq qurıwda dástúrlerge ámel etiwi, onıń tiykarında kelip shıqqan huqıqıy normalardıń ámelge asırılıwına sebep boladı. Mısalı, Qaraqalpaq xalıq dástúrleriniń biri bolǵan háwjar aytıw.

Toydı qosıq aytıp baslaǵanda, ol qosıǵın aytıp bolǵannan keyin onıń qasında bir neshe qız-jigitler «háwjar», «yar-yar» dep naqıratın tákirarlaydı. Háwjar aytıwdıń xalıq dástanlarında izi kórinedi. Máselen, Alpamıs dástanındaǵı Gúlshin shorı menen Qultaydıń háwjar aytısı xalıq salt jırlarınıń sáwleleniwi boladı. Háwjar qosıǵınıń úlgileri mınaday bolıp keledi.

Jılama inim, jılama,
Toy seniki yar-yar,
Toqsan baslı aq orda,
Úy seniki yar-yar.

Ózbekstan Respublikası Shańaraq hám neke kodeksiniń 8-statyası «Shańaraqlıq qatnasıqlarda jergilikli úrp-ádet hám dástúrlerdiń qollanılıwı» dep ataladı. Onda, «Nızam hújjetlerinen shańaraqlıq qatnasıqlardı tártipke salıwǵa baylanıslı tiyisli normalar bolmaǵan jaǵdayda, Ózbekstan Respublikası nızam hújjetleri principlerine qarsı bolmaǵan jergilikli úrp-ádet hám dástúrler qollanıladı», – dep kórsetilgen [2].

Demek, shańaraqlıq qatnastıń tiykarı qay dárejede bolıwı olardıń júrek mehri, kóz nurı menen ádiwli árman sózi menen kóz jarǵan baxıt daraǵına tárbiya beriwine baylanıslı. Sonlıqtan jas jubaylar óz muhabbatına sadıq, turmıs qıyınshılıqlarına shıdamlı bolıp, hadal miynet arqalı «Túbi bir, shaqası mıń» bolıp oǵan jańa ómir beriwi kerek boladı.

Tózimlilik, shıdamlılıq, ózin tuta biliw, opadarlıq, saǵınıw, shańaraq tatıwlıǵınıń tiykarǵı ólshemlerinen biri.

Qaraqalpaq xalqında shańaraq qurǵanda jas kelinniń beti ashıladı. Bul bet ashar arqalı ámelge asırıladı. Bul bet ashardıń áhmiyeti sonnan ibarat, jas kelindi tárbiyalaw, ata-enesin sıylaw, kúyewin hám onıń tuwǵan-tuwısqanların sıylaw hám taǵı basqalar bolıp tabıladı.

Bet ashardı shayır adam, sózge sheber qosıqshılar ashadı. Bet ashar eki túrli boladı. Birinshisi «aytım», ekinshisi «bet ashar». Bet ashardıń aytım túri kelinshek el shetine kelip awıl arası menen júrip kiyatırǵanda kelinshek kelgenin, toydıń bolatuǵının xalıqqa daǵaza etiw retinde aytadı. Bul «aytımnıń» úlgisi mınaday boladı:

Kelinshek keldi kórińiz,
Kórimligin berińiz,
Ala ǵula demeńiz,
Atın aytıp qoymańız.

Jańa kiyatırǵan kelinshek kóp qızlardıń qatarında qatarlasıp júrip, bosaǵadan úyge kirerde qolın bosaǵaǵa, soń mańlayına tiygizip, iyilip tájim etedi.

Úydiń oń jaǵına shımıldıq tutıp, kelinshek hám qızlar soǵan ornalastırıladı. Kelinshektiń betine aq oramal tutıladı. Kún batqannan tań atqansha úyge kim kirse shıqsa, qızlar menen birge, ornınan turıp otırıw dástúr bolǵan. Bul nárse sol awıldıń adamların sıylawdıń belgisi.

Bet ashardı aytıwshı jańa túsken kelinshekke ózi jasaǵan zamannıń tártibin úyretedi, soń ata menen qáyin ene, kúyewine xızmet etiw kerekligin túsindiredi.

Tulıptıń awzı ashıq dep,
Qurt urlama kelinshek,
Óziń jatıp bayıǹa,
Tur-turlama kelinshek.

Bet ashar pitkennen keyin kelinshektiń betindegi oramal ashıladı. Kelinshek úy xızmetine aralasa baslaydı. Baqsı-jıraw ayttırıw, gúres tutıw, ılaq oynaw oyın-tamashaları dawam etedi [4:16].

Usı jerde bir anıqlıqtı kirgizip ótiwimiz kerek. Qaraqalpaq xalqında shańaraq qurıwda urıwlaslar, atalas tuwısqanlar ortasında neke dúzilmeydi. Bul Ózbekstan Respublikası Shańaraq kodeksiniń 16-statyasında bekkemlep qoyılǵan. Bunda, «Neke dúziwge: eger birewi dizimge alınǵan basqa nekede turǵan shaxslar ortasında, násillik shejiresi boyınsha tuwrı tutasqan tuwısqanlar arasında, tuwısqan hám ógey aǵa-iniler menen apa-sińliler ortasında, sonday-aq perzentlikke alıwshılar menen perzentlikke alınǵanlar ortasında, eger birewi ruwxıy buzılıwı (ruwxıy keselligi yamasa aqılı zayıllıǵı) sebepli

sud tárepinen qatnasıwǵa uqıpsız dep tabılǵan shaxslar arasında jol qoyılmaydı» [2].

Toylar adamdı birlestiredi. Kelinshektiń qolın qaraw, bet ashar, quda bolıw, quda kútiw, baqsı ayttırıw hám taǵı basqa da dástúrlerdi biliw hám túsiniw, onı jaqsılawǵa, ıqshamlawǵa úles qosıw hár bir adamnıń wazıypası. Xalqımızdıń «jıynaǵan tergeniń toyǵa buyırsın» degen pátiya-tiligi toydıń qásiyetli hám sharapatlı qubılıs ekenligin, oǵan tayarlanıw jaqsı niyetti, miyrim-shápáátti, miynetti talap etetuǵın, sóytip adamdı jumsartıp, álpayımlıqqa tárbiyalaytuǵının kórsetedi [3:240].

Tábiyat sonday etip jaratqan, hayal hám erler qubılısın hár qıylı etip túsiniwi arqalı birin-biri tolıqtıradı. Erdiń sheshiwshi háreketi, táwekelge beyimligi, hayaldıń ıqtıyat bolıw qásiyetleri menen erkektiń qatallıǵı, hayaldıń úy jumısına joqarı talǵamı, uqıplılıǵı... Bul ózgeshelikler tek tábiyiy emes, tariyx penen, tárbiya menen, dástúr menen, úrp-ádetler menen bekkemlengen. Eger erkek shańaraqtan tıs jumıslarǵa juwap berse, támiyinlewshi, qorǵawshı rolin atqarsa, hayal shańaraqtıń ishki islerin tındırıp, óziniń jumsaqlıǵı, dıqqatlılıǵı, bawırmanlıǵı, tazalıǵı menen onı toltıradı [3:238].

Erli-zayıplı shańaraqlıq turmıs máselelerin birgelikte sheshiw huqıqına iye. Ózbekstan Respublikası Shańaraq kodeksi 19-statyasında «Er hám hayal shańaraqta teń huqıqlardan paydalanadı hám olar teń minnetlemelerge iye» [2:10] dep belgilengen. Yaǵnıy, bunnan erli-zayıplılar balalar tárbiyası hám shańaraq turmısınıń basqa máselelerin birgelikte sheshedi, degen mazmun kelip shıǵadı.

**Analiz hám nátiyjeler.** Qaraqalpaq shańaraqlarınıń sırttan qaraǵanda sezilmeytuǵın ózine tán ishki nızam-qaǵıydaları, ádep-ikramlıq ólshemleri bar, bunda úrp-ádet hám dástúrler ayrıqsha orın tutadı. Atap aytqanda, «úrp-ádetler hám dástúrler – tariyxıy qáliplesken hám áwladtan-áwladqa ótip otıratuǵın, kópshilik tárepinen qabıl etilgen hám bárqulla tákirarlanıp turatuǵın is-háreket, minez-qulıq normaları hám kónlikpeleri bolıp tabıladı» [6:149]. Mısalı, azanda erte tańnan uyqıdan oyanıw, bet-qol juwmastan sálemlespew, hayallardıń azanǵı awqattı tayarlawı, qızlar hám kelinlerdiń háwli hám kóshe sıpırıwı sıyaqlı bir qatar pazıyletleri bar.

Shańaraqlıq qatnasıqlar óz aldına qubılıs bolıp, onıń ishki islerine hesh kim aralasıwǵa haqılı emes. Sol sebepli shańaraq muqaddes esaplanadı. Ilimiy-teoriyalıq tilde aytqanda, shańaraq ózine tán ortalıqtı qáliplestirgen kishi bir mámleket. Atap aytqanda, shańaraq jámiyettiń quramında boladı. Shańaraqlıq qatnasıqlar jámiyettegi bar sociallıq, ekonomikalıq hám ruwxıy-ádep-ikramlılıq qatnasıqlar menen belgilenedi hám onıń tikkeley yamasa tikkeley emes tásiri astında qáliplesip rawajlanıp baradı.

Shańaraq mámleket qorǵawına alınǵan bolıp, Konstituciyada belgilengen. Miynetke, puqaralarǵa, xojalıq hám finans islerine tiyisli nızamlarda, sociallıq qamsızlandırıw, densawlıqtı saqlaw, xalıq bilimlendiriwi hám basqa da máseleler haqqındaǵı nızamlarda usı qaǵıydalarǵa jáne de anıqlıq kirgiziledi. Bul jerde shańaraq huqıqı oǵada áhmiyetli.

Shańaraq huqıqınıń tómendegi tiykarǵı principleri bar.

1) Neke hám shańaraq qatnasıqlarında er menen hayaldıń teń huqıqlıǵı.

2) Shańaraq qatnasıqlarında puqaralardıń teń huqıqlılıǵı.

3) Shańaraq qatnasıqlarında shańaraq aǵzalarınıń teń huqıqlılıǵı.

4) Shańaraqta analıq, atalıq hám balalıqtıń qorǵalıwı.

Shańaraqlıq qatnasıqlardı tártipke salıw hám hayaldıń ıqtıyarıy túrde nekelenip dúzgen jámiyeti, er hám hayaldıń jeke hám múlklik huqıqlarınıń teńligi, ishki shańaraqlıq máselelerdiń óz ara kelisiw jolı menen sheshiliwi, shańaraqta balalardıń tárbiyası, olardıń jaqsı turmıs keshiriwi hám kamal tabıwı haqqında ǵamqorlıq etiw, er jetpegen hám miynetke uqıpsız shańaraq aǵzalarınıń huqıqları menen máplerin kóriw ústinligi principleri tiykarında ámelge asırıladı.

Barlıq puqaralar shańaraq qatnasıqlarında teń huqıqqa iye. Neke dúziw waqtında jınısı, milleti, tili, dini, sociallıq kelip shıǵıwı, isenimi, jeke hám sociallıq jaǵdayı hám de basqa jaǵdaylarǵa qarap, huqıqlardı belgili tárizde tikkeley hám bile tura sheklewge jol qoyılmaydı.

1945-jılda BMSh dúzilgennen soń insan huqıqları boyınsha gender teńligine ayrıqsha itibar beredi. Gender teńligi bul er hám hayallardıń huqıq hám imkaniyatlarda teń bolıwın ańlatadı [7:108-111].

Ózbekstan Respublikası Shańaraq hám neke kodeksiniń 23-statyasında «Er hám hayaldıń neke dawamında arttırǵan mal-múlkleri, sonday-aq, neke dizimge alınǵanǵa shekem, bolajaq er hám hayaldıń ulıwma qarjıları esapqa alınǵan mal-múlkleri, eger nızam yamasa neke shártnamasında basqasha jaǵday kórsetilmegen bolsa, olardıń birgeliktegi ulıwma múlki esaplanadı.

**Juwmaq hám usınıslar.** Juwmaqlap aytqanda biziń xalqımızda úyleniw, erli-zayıplı bolıwda adamlardı tárbiyalaytuǵın, adamgershilik pazıyletlerge iytermeleytuǵın, kamalǵa keltiretuǵın kóplegen dástúrler bar hám bular Ózbekstan Respublikası Shańaraq kodeksi talaplarına, basqa da nızam hújjetleri talaplarına juwap beredi. Sebebi, «Huqıq degenimiz mámleket tárepinen ornatılǵan hám hámme ushın orınlanıwı májbúriy bolǵan minez-qulıq qaǵıydalarınıń jıyındısı bolıp tabıladı». Demek biziń úrp-ádet dástúrlerimiz huqıq normalarına aylandırılǵan.

Keleshekte jáne de teń huqıqlı hám ádalatlı jámiyet qurıw ushın barlıq dárejedegi mekemeler, mámleketlik emes shólkemler hám puqaralıq jámiyeti birgelikte háreket etiwi zárúr.

## Ádebiyatlar

1. Oʻzbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. Rasmiy nashr. – Toshkent: «Oʻzbekiston», 2023.

2. Oʻzbekiston Respublikasining Oila kodeksi: Rasmiy nashr . – Toshkent: «Adolat», 2021.

3. Bazarbaev J., Dawletova Q. Adeptanıw. – Nókis: «Bilim», 1994.

4. Ayımbetov Q. Xalıq danalıǵı. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1988.

5. Oʻzbekiston Respublikasining Oila kodeksi: Rasmiy nashr. – Toshkent: «Adolat», 2021.

6. Milliy istitqlol gʻoyasi: asosiy tushunchalar, tamoyillar va atamalar (qisqa izohli lugʻat). – Toshkent: «Yangi asr avlodi», 2002.

7. Mansurov A. Development stages of migration from a historical point of view. // News of the NUUz. 2024. T. 1. №1.1. – P. 108-111.

**REZYUME.** Maqolada qoraqalpoq xalqining oilaviy munosabatlar va uning huquq bilan uyg'unligi, milliy xarakteri, dunyoqarashi, tafakkuri bilan bog'liq qarashlari tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье анализируются взгляды каракалпакского народа на семейные отношения и их гармонию с правом, национальный характер, мировоззрение и мышление.

**SUMMARY.** The article analyzes the views of the Karakalpak people on family relations and their harmony with law, national character, worldview, and thinking.

## РЕФОРМЫ И ИХ ПОСЛЕДСТВИЯ В АГРАРНОМ СЕКТОРЕ КАРАКАЛПАКСТАНА В 1960-1970-е ГОДЫ

**Д.И.Шамшетдинова** – *соискатель*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

**Таянч сўзлар:** Қорақалпоғистон, аграрислоҳотлар, колхоз, совхоз, пахтачилик, шоликорлик, механизация, кимёлаштириш, монокультура, экология, қишлоқ хўжалиги.

**Ключевые слова:** Каракалпакстан, аграрные реформы, колхозы, совхозы, хлопководство, рисоводство, механизация, химизация, монокультура, экология, сельское хозяйство.

**Key words:** Karakalpakstan, agrarian reforms, collective farms, state farms, cotton cultivation, rice cultivation, mechanization, chemicalization, monoculture, ecology, agriculture.

**Актуальность.** Аграрная трансформация Каракалпакстана в 1960-х годах представляла собой сложный комплекс взаимосвязанных процессов, обусловленных стремлением к интенсификации сельскохозяйственного производства и внедрению плановой экономики. Централизованное планирование определяло структуру посевных площадей, акцентируя внимание на монокультуре хлопчатника. Это, с одной стороны, обеспечивало выполнение государственных планов по производству хлопка, но с другой – приводило к истощению почв и снижению биоразнообразия.

Интенсификация сельского хозяйства также сопровождалась активным внедрением механизации и химизации. Использование минеральных удобрений и пестицидов, призванное повысить урожайность, оказывало негативное воздействие на окружающую среду и здоровье населения. Бесконтрольное применение химических веществ приводило к загрязнению почв, водных ресурсов и атмосферного воздуха, вызывая экологические проблемы, ощутимые и в последующие десятилетия.

**Методы и степень изученности.** В 1960–1970-е годы аграрные преобразования Каракалпакстана сочетали выполнение государственных планов за счёт монокультуры хлопка с деградацией почв и экологическими проблемами. Механизация и химизация повысили продуктивность, но их чрезмерное применение негативно сказалось на здоровье населения и окружающей среде. О чём указывают исследования авторов Сарыбаева М.К. «Политика хлопковой монокультуры советской власти в Каракалпакстане и её последствия (1917-1990 гг.)», Автореферат на соискание доктора исторических наук - Ташкент 2008., Утемуратова Б.Б. «Дехканские (фермеские) хозяйства республики Каракалпакстан: история возрождения и развития (1917-1996 гг.)» Автореферат на соискание кандидата исторических наук - Нукус 1999., Шамамбетов Б. Аграрное развитие Республики Каракалпакстан в 1965-1986 гг.: опыт и проблемы. – Нукус, 2015., Сарыбаев К. История орошения Каракалпакстана. – Нукус, 1995., Бекимбетов А. Сельское хозяйство Каракалпакии в годы второй пятилетки // Вестник ККФАНУз., 1975 №1., Молдахметов К.М. Колхозное крестьянство Каракалпакской АССР в период развитого социализма // Вестник ККФАНУз, 1983, №2.

**Результаты исследований.** 1957 году в Каракалпакской АССР была проведена реорганизация сельскохозяйственного сектора, заключавшаяся в преобразовании 119 экономически нерентабельных колхозов в 25 совхозов. Данная трансформация затронула преимущественно Кегейлийский, Чимбайский, Кунградский и Тахтакупырский районы. Целью реструктуризации являлось интенсификация производства хлопка-сырца посредством повышения эффективности и оптимизации сельскохозяйственной деятельности [1:22].

Эти события отразились и в памяти населения: *В 1950 годы все аулы были объединены в колхозы. Колхоз делился на бригаду, бригада на звено. В то время в Чимбайском районе выращивали в основном хлопок. Все члены колхоза сообща принимали участие в колхозной работе. Зимой очищали каналы и арыки, на огороды выносили удобрения* [2]. Необходимо отметить, что внедрение колхозной системы не только изменило экономический ландшафт региона, но и оказало глубокое воздействие на социальную структуру и культурные ценности населения.

В 1960 годы была проведена кампания по усилению колхозов. В результате, действовавшие на тот момент в республике 410 колхозов были реорганизованы в 200 колхозов, каждый из которых в среднем обладал 883 га земельных площадей. До этого объединенная площадь составляла 364 гектара [3:288]. Результаты укрупнения колхозов привели к появлению других проблем. Вместе с укрупнением колхозов началось сселение жителей отдаленных друг от друга аулов во вновь организованные поселки. Сельские жители психологически не были готовы к переезду из маленьких аулов в крупные колхозные поселки. Неблагоприятная сторона этих действий выражалась и в том, что усложнилась скорость и качество выполнения работ.

В 1960-е годы в Каракалпакской АССР наблюдалась интенсификация сельскохозяйственного производства, обусловленная целенаправленной программой по укреплению материально-технической базы аграрного сектора. Данная стратегия включала комплекс мероприятий, направленных на технологическую